Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 98 (25584)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 7 июн — хурхæтæны мæйы 7 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НИЧИ ФЕРОХ, НИЦЫ ФЕРОХ
Тохы фæстейы нæ баззад ...

3 А.С. ПУШКИНЫ РАЙГУЫРДЫЛ СÆХХÆСТ 223 АЗЫ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæззау атлетикæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указæй

Хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг...

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло 2022 азы 3 июны цы Указ бафыста, уымæй республикæйы хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæгæй нысангонд æрцыд Къусраты Алан.

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Къусрайы-фырт рагæй кусы республикæйы агропромышленнон комплексы, фæстаг рæстæг уыд хъæууон хæдзарады министры фыццаг хæдивæг.

Нæ уацхæссæг

Нысантæ

Дзæуджыхъæуы фæзындзæн аттракционты парк

Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци сæрмагонд бадзырд бафыстдзæн, горæты аттракционты ног парк саразыны хъæппæрис чи равдыста, уыцы инвестицион компаниимæ.

Уый тыххæй администрацийы бæрнон кусджытæ фехъусын кодтой горæты Минæвæртты æмбырды рæстæг.

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ног парк æрбынæттон уыдзæн Барбашовы уынджы. Хиирхæфсæн аттракционтæй уæлдай, парчы байгом кæндзысты сæрдыгон кафетæ, информацион центр, стæй дзы саразыны административон бæстыхай дæр.

Хæстæгдæр азты цы амынд инвестицион проектыл куыст цæудзæн, уый иумæйаг аргъ у 200 милуан сомæй фылдæр.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

Газ зæххы хайы онг бауадзыны нысан

Куыд æппæт Уæрæсейы, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр бæстæйы Президент Владимир ПУТИНЫ уынаффæйæ конд цæуы газ зæххы хайы онг лæвар бауадзыны хъуыддаг.

Адæмы цæрæнбынæттæм æрдзон газ куыд уадзынц, ууыл æрныхас кодтой Республикон штабы æмбырды, амыдта йæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Куыд бамбарын кодта, афтæмæй хъуыддаг æрмæст "Газпром"-мæ нæ хауы, уый у хицауады æппæт æмвæзады фарста. "Хъуамæ Цæгат Ирыстоны цæрджытæн XXI æнусы алы уавæртæ дæр уа, æрдзон газ сæм хъуамæ фæзына. 2021-2022 азты фидаргонд пълан-графикы æмгъуыдтæй хъуамæ иуварс ма ахизæм", — загъта Сæргълæууæг.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** куыд радзырдта, афтæмæй газы инфрастуктурæйы рæзт баст у финансты æртæ гуырæнимæ: "Газпром"-ы инвестицион программæйы æхца, тарифмæ сæрмагонд бафтаугæ æмæ "Газпром газификаци"-йы иумæйаг операторы æхца.

Хъуамæ 2022 азы кæронмæ газ бахæццæ кæной 103 хъæуы цæрæг 1114 хæдзармæ. Бафыстой 933 бадзырды, уыдонæй 585-мæ газ бахæццæ сæ зæххы хаймæ. 366 хæдзары ты газ скуыста. "Газпром газораспределение"-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 215 хæдзары газæй сифтонг кæныны фадæттæй сты хызт. Таматы Майрæн куыд радзырдта, афтæмæй алы хæдзары фæлыд дæр куыст цæуы. Фæлæ куырдиæттæ нæ балæвæрдтой 711 зæххы хайы хицауы. Уавæр уæлдай уæззаудæр у Горæтгæрон, Мæздæг æмæ Алагиры районты.

Сергей Меняйло районты разамонджыты раз сæвæрдта адæмимæ сæрæндæрæй бакусыны хæс. Газ уадзынимæ разы чи нæу, уыдонæн та хъæуы сæ уавæр равзарын, цы зындзинæдтæ ис адæммæ, уым сын баххуыс кæнын, — ахæм хъуыддаг бафæдзæхста Хицауады Сæрдары хæдивæг **Боко-ты Эльбрусæн.**

Æмбырды архайджытæ ма равзæрстой, хицæн хæдзæрттæ газмæ бафтауыны рæстæг бинонтæн социалон æххуыс бакæныны фарста.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Ныхас

Цæгат Кавказы киностудийы рæзт

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАИТЫ Барис скодта, Цæгат Кавказы кинохроникæйы студийы рæзтимæ баст æмбырд. Ныхас рауад, абон республикæйы размæ цы фарстатæ лæууынц, уыдоныл æмæ фæзуаты сфæлдыстадон рæзтыл.

Премьер-министр куыд радзырдта, афтæмæй киностуди у регионы ахадгæ объект. Хъуамæ нæ Хицауад алцыдæр сараза, цæмæй студийы рæзт фæбæрæг уа. "Ныртæккæ нын фадат ис, цæмæй фæзуат скуса, бирæ рæстæг бахъуыд, цæмæй йæ республикæмæ æрбаздахæм. Æппæт фарстаты тыххæй хуыздæр уынаффæтæ хъæуы рахæссын, уый фæстæ гæххæттытæ сфидар кæнын. Дарддæр та студийы райрæзтыл ахъуыды кæнын", — загъта Хицауады Сæрдар.

Федералон исбонæй студи республикæйы бæрны бакæныны фарстайыл фæтох кодтой цалдæр азы. Ныр РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фæрцы студи радтой Цæгат Ирыстонæн. Уый тыххæй бæстæйы Президент **Владимир Путин** бафыста Указ.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Фæндæгты хæдзарад

Мичуриныхъæуы иувæрсты

Æрыдоны районы Мичуриныхъæуæй транзитон транспорт раивынæн афæдзы кæронмæ сараздзысты цæрæн бынаты иувæрсты цæуæг фæндаг.

— Мичуриныхъæуы иувæрсты фæндаджы арæзтады фæрцы уыдзæн, Дзæуджыхъæуæй Дыккаг Лескенмæ фæндагыл цæуæг транзитон транспорт цæрæн бынатæй æддæмæ раивыны фадат, — зæгъы нæ республикæйы Фæндæгты хæдзарады комитеты сæрдар **Солиты Тариэл**.

Дыууæрдæм дæр транспорты цыдæн фæйнæ дыууæ уадздзаджы кæм уыдзæн, хъæуы иувæрсты цæуæг 5,6 километры дæргъæн ахæм фæндаджы сæрыл арæзт æрцæудзæн æртæ хиды, фос батæрынæн бынат, стæй, цæугæдон Фыййагдоны сæрты 54,15 метры дæргъæн æмæ 15 метры уæрхæн хид.

Арæзтадон куыстытæ æххæстгонд цæуынц национ проект "Æдас хæрзхъæд фæндæгтæ"-мæ гæсгæ. Ацы проекты æххæстгæнынады æртæ азмæ Цæгат Ирыстоны æппæт районты цалцæггонд æрцыдысты 220 километрæй фылдæр фæндæгтæ, стæй рацарæзтæуыд фæндæгты сæрты цæуæг 33 хиды (цалцæггонд фæндæгтæй 19 километры æмæ фæндæгты сæрты цæуæг дыууæ хиды хауынц Æрыдоны районмæ).

Нæ уацхæссæг

Номдзыд поэты кадæн

Нæ зæрдæтæ тавы цæхæркалгæ курдиат

Знон нæ бæстæйы цæрæг æппæт адæмтæ бæрæг кодтой, номдзыд уырыссаг поэт Александр Пушкины райгуырдыл 223 азы кæй сæххæст, уыцы бон. Йæ бирæвæрсыг сфæлдыстадæн цы хъомыс ис, уый равдыста рæстæг. Йæ уацмысты цы хъуыдытæ хаста адæмы размæ, уыдонæн сæ ахадындзинад абон дæр нæ сæфы.

Дзæуджыхъæуы йæ номыл цы сквер ис, уым ын йæ цыртдзæвæны раз йæ ном æрымысынмæ æрбамбырд сты нæ республикæйы культурæ æмæ аивады кусджытæ, поэттæ æмæ фысджытæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, студенттæ æмæ скъоладзаутæ.

— Александр Пушкины сфæлдыстад бирæвæрсыг у. Ис дзы сылгоймагмæ уарзтыл сагъæс, адæмы фидæн æмæ сомбоныл хъуыдытæ. Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты дунейы алы æвзæгтæм. Зæгъæм, йæ рæстæджы йæ зындгонд уацмыс-роман "Евгений Онегин" ирон æвзагмæ ратæлмац кодтой Цæгат Ирыстоны адæмон поэт Хъайтыхъты Геор, номдзыд Кавказы цæрæг адæмы миддуне, культурæ æмæ зондахаст цы хуызы æвдыст æрцыд, ууыл сæрмагонд зонадон куыстытæ æмæ чингуытæ ныффыстой нæ зындгонд литературæиртасджытæ. Нæ горæты æмæ республикæйы дæр ис Пушкины номимæ баст сæрдылдарæн бынæттæ, — загъта Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар **Агъната Гæстæн.**

Александр Пушкины сфæлдыстадон бынтæй ирон æвзагмæ цы уацмыстæ тæлмацгонд æрцыд, уыдонæй юбилеймæ хицæн æмбырдгонд, поэты 200 азы бацæттæ кодта Цæгат Ирыстоны адæмон поэт **Дзасохты Музафер**. Уый æмбырды радзырдта, ацы æмбырдгондыл куыд куыста, уый тыххæй. Йæхи тæлмацтæй ирон æвзагыл бакаст поэты цалдæр уацмысы.

Национ-культурон æхсæнад "Русь"-ы уæнг **Юрий Бессонов** йæ раныхасы радзырдта номдзыд поэты цардæй Дзæуджыхъæуимæ баст цалдæр историон цауы.

УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнгтæ **Наталья Куличенко** æмæ **Баситы Зæлинæ** бакастысты зындгонд поэты тыххæй сæхи фыст номæрæн æмдзæвгæтæ.

Нæ республикæйы æмæ Дзæуджыхъæуы колледжты, рæвдауæндæтты хъомылгæнинæгтæ, студенттæ æмæ ахуырдзаутæ аив кастысты Пушкины æмдзæвгæтæ уырыссаг, ирон æмæ англисаг æвзæгтыл.

Номарæн æмбырды архайджытæ поэты цыртдзæвæныл сæвæрдтой дидинджытæ.

ГАСАНТЫ Валери

"Сырх фæз"

Чингуыты армукъа

Мæскуыйы йæ куыст кодта чингуыты армукъа "Сырх фæз". Егъау бæрæгбон цæуы æстæм хатт, æрæмбырд та кодта фысджыты, поэтты, рауагъдады кусджыты æмæ кæсджыты дæсгай минтæ. Æдæппæтæй дзы 60 регионæй архайдтой 400 рауагъдады, рæгъмæ рахастой 100 мин чиныджы.

Цыппар бонмæ 27 тематикон фæзуатыл адæм базонгæ сты ног чингуытимæ, автортимæ, лекцитимæ, спектаклтæ, концерттæ федтой. Сырх фæзы фæзуатыл Историон музейы онг куыстой "Фыдыбæстæйы истори"-йы, "Нон-фикшен"-ы, Библиотекæ"-йы, "Комиксты" æмæ æндæр павильонтæ.

Сæйраг чиныджы армукъайы архайдта Цæгат Ирыстоны делегаци дæр, йæ уæнгтæ сты раугъдады минæвæрттæ æмæ регионы литературтæ. Хъуыддаджы бацархайыны хъæппæрис равдыста Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитет. Республикæйы стенды равæрдтой наукондзыллон, сывæллæтты, историон, бæстæзонæн, аивадон литературæ. Раззагдæр у паддзахадон рауагъдад "Ир".

Ацы азы сæйраг чингуытыл банымайæн ис "Алайнаг библиотекæ", рауагътой сæ Аланийыл саргъуыды 1100 азы кадæн. Экспозицийы уазджытæ бацин кодтой нырыккон авторты чингуытыл, уæдæ "Респект", "Проект-Пресс", "СЕМ", "Терские ведомости"-йы уагъд продукци цымыдисдзинад фæзынын кодта.

Пушкины райгуырæн бон армукъа фæцис, уыцы бон Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæн къабазы равдыст дæр арæзт æрцыд.

ГÆБÆЛАТЫ Мæдинæ, Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдары хæдивæг

Дзырды фарн
Ма хъæрз, зæхх, мæ уд фæрыст дæ мæтæй! Базæронд мæ лæппуйы буар...
КАЛОТЫ Хазби

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **7 июны,** ранæйпæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **20-25 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **20-22 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,16

Хурыскаст — 04,20
Хурныгуылд — 19,36

Валютæйы аргъ

Доллар — 60,58
Евро — 64,02

12+

Кадджын мадзæлттæ

Республикæ Мæхъæлы равзæрды кадæн

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Республикæ Мæхъæлы разамонæг Махмуд-Али КАЛИМАТОВЫ хуындæй архайдта регионы фæзынды 30 азы кадæн конд мадзæлтты.

Мæхъæлы цæрджытæн ацы кадджын мадзалы тыххæй раарфæ кодтой Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка**, федералон зылды регионты сæргълæуджытæ.

Йæ арфæйы Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, регионы цы хорз ивддзинæдтæ ‘рцыд, уыдон. "Бæрæг дарынц хорзæрдæм бæрæггæнæнтæ, ног сæйраг горæт сарæзтат, промышленнон хъомыс рæзы. Регионæн ахсджиаг инфраструктурæ парахатдæр кæны. Уыдæтты фæрцы уæ æхсæнадон-политикон уавæр нывылдæр кæны, социалон-экономикон рæзт бæрæг дары", — загъта цæгатирыстойнаг разамонæг.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

Арæзтады комплексон программæйыл æрдзырдтой

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг БОКОТЫ Эльбрус хицауады æххæстгæнæг органты минæвæрттимæ цы уæрæх фембæлд сарæзта, уым ныхас цыд хæстæгдæр фондз азæн арæзтады комплексон регионалон программæ бацæттæ кæныныл.

Æмбырды райдайæны Бокойы-фырт ведомстваты разамонджыты зæрдыл æрлæууын кодта, фондзазон регионалон программæтæ бацæттæ кæныны тыххæй сæрмагонд амынддзинад УФ-йы Хицауады Сæрдар Михаил Мишустин кæй радта, уый. Премьер-министр регионтæн бахæс кодта, цæмæй хæстæгдæр рæстæг саразой сæрмагонд инвестицион программæтæ. Уыдоны бындурыл фидаргонд æрцæудзæн ахсджиаг объектты арæзтады фæдыл федералон инвестицион программæ 2023-2027 аз-тæн. Амынд программæйы фæдыл организацион мадзæлттыл бæрнон уыдзæн Уæрæсейы Арæзтады министрад.

Ахæм программæ бацæттæ кæныны уагæвæрдтæ бæлвырд фыст æрцыдысты, УФ-йы премьер-министр цы уынаффæ сфидар кодта, уым. Ног фæткы бындурыл фадат уыдзæн ахсджиаг инвестицион проекттæ царды уадзынæн фондзазон пълантæ саразынæн.

— Ныгуылæйнаг бæстæтæ Уæрæсейы ныхмæ цы экономикон гæрæнтæ расидтысты, уыдоны æууæлты архайгæйæ, уæлдай ахсджиаг у, цæмæй арæзтады къабазы архайд ма фæкъуыхцы уа. Уымæн æмæ ацы къабазы ахадгæ архайдæй бирæ аразгæ у бæстæйы экономикæйы иумæйаг уавæр дæр. Уыимæ, бæстæйы Хицауад цы ног уагæвæрд сфидар кодта, уый фæрцы зынгæ фæкъаддæр уыдзысты проектон-арæзтадон куыстыты æмгъуыдтæ, стæй фæрогдæр кæндзысты организацион-административон процедурæтæ дæр. Æппæт уыцы æууæлтæ хынцгæйæ æмæ федералон Хицауады уынаффæ æххæст кæнгæйæ, профилон ведомстваты хæстæгдæр дыууæ къуырийы дæргъы хъуамæ бавдисой регионалон арæзтадон комплексон программæйы проект 2023-2027 аз-тæн. Уыимæ, программæйы бæстон фыст хъуамæ æрцæуой хæстæгдæр 5 азы дæргъы саразинаг ахсджиаг объектты проекттæ царды рауадзыны æппæт къæпхæнтæ дæр, цæмæй арæзтадæн хъæугæ фæрæзтæ бæстон дихгонд æрцæуой программæйы æппæт æмгъуыдыл дæр. Уый фадат ратдзæн программæмæ хаст æппæт объекттæ дæр къæпхæнгай æмæ афойнадыл саразынæн, — бафипайдта Бокоты Эльбрус.

Министрадтæ æмæ ведомстваты минæвæрттытæ фæндæттæм байхъусгæйæ, Хицауады Сæрдары хæдивæг сæрмагонд кусæг къорды уæнгтæн бахæс кодта, цæмæй æппæт фæндæттæ дæр бабæстон кæной æмæ сæ дыууæ къуырийы æмгъуыдмæ æркæсынмæ бавдисой. Фæстæдæр регионалон программæйы проект æрвыст æрцæудзæн УФ-йы Арæзтады министрадмæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Æнæниздзинад

Сыгъдæгдзинад — низтæй хъахъхъæнæг

Сæрдыгон сарæх вæййынц, тъæнгты инфекцитæ кæй расайынц, ахæм низтæ. Ацы низтæй адæймаг йæхи цæмæй бахъахъхъæна, уый тыххæй æххæст кæнын хъæуы профилактикæйы бæлвырд мадзæлттæ. Уыдон кæд хуымæтæг сты, уæддæр адæймагæй иуæй-иу хатт айрох вæййынц.

Дыргътæ, халсартæ, гагадыргътæ, æнæмæнг, хъæуы цалдæр хатты доны ныхсын, се 'ддаг бакастæй цыфæнды рæсугъд куы уой, уæддæр. Уымæн æмæ сæм адæймаджы къухтæй кæнæ зæххæй тъæнгты низ расайæг инфекцитæ æнæбахæццæ нæ вæййынц.

Арæхдæр æхсут уæ къухтæ, стæй, æнæмæнг, сапонимæ; æхсæнадон бынæттæ, æхсæнадон транспорт, æхцатæ — алы ран дæр парахат сты тъæнгты низ расайæг инфекцитæ, микробтæ та æппæтæй хуыздæр мары сапон. Дукани кæнæ базары æлхæнгæйæ, уазалгæнæны кæнæ стъолыл даргæйæ, продукттæ кæрædзийæ хъæуы рахицæн кæнын, уымæн æмæ дыргътæ кæнæ халсартæй инфекци, гæнæн ис, æмæ бахауа, æхсын кæнæ фыцын кæй нæ хъæуы, ахæм продукттæм, зæгъæм, цыхт, дзул æмæ æндæртыл.

Ахсджиаг у, продукттæ, дыргътæ, халсартæ нæм кæцæй, цы бæстæйæ æрбахæццæ сты, уый дæр. Ацы хъуыддагмæ хъæуы хъус дарын æмæ пайда кæнын, æрдзон уавæрты чи 'рзад, ахæм дыргътæ æмæ халсартæй.

Бындзæй чъизидæр ницы ис, уæлдайдæр — тæвд рæстæг, æмæ хæринагмæ куыд уæ нæ хæццæ кæной, уымæ цæст дарут.

Тъæнгты низ расайынæн иуæй-иу продукттæ сты уæлдай тæссагдæр, уымæн æмæ сæ вæййы тъæнгты инфекцитæ парахат кæнынæн замманай уавæртæ, уымæ гæсгæ пайда кæнут æрмæстдæр ног уагъд продукттæй, ацы ран ныхас, фыццаджыдæр, цæуы æхсыры продукттыл, къалбæстæ æмæ адджинæгтыл. Йе 'мгъуыд кæмæн фæци, ахæм продукттæй уæхи хъахъхъæнут, сæ адмæ гæсгæ уæм хорз куы кæсой, уæддæр.

Æппæт ранымад мадзæлттæ æххæст кæнгæйæ, тъæнгты низтæй уæхи бахъахъхъæндзыстут.

Æмæ, æппынфæстаг — нуазыны дон хъæуы фыцын, афтæ, дыргътæ æмæ халсартæ цы доны æхсат, уый дæр.

Тъæнгты низты профилактикæйы мадзæлттæ æххæст кæнут, æмæ уын уæд уыцы инфекцитæй тæссаг нæ уыдзæн.

Медицинон профилактикæйы республикон центр

Бынæттон хиуынаффæйад

Фæндагон куыстыты æнаипдзинад

Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы цы уæрæх æмбырд уыд, уырдæм фæхуыдтой, горæтаг фæндæгтæ цалцæг кæныны куыстытæ чи æххæст кæны, уыцы компаниты минæвæртты.

Горæты администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** æмæ структурон дæлхайæдты разамонджытæ хатдзæгтæ скодтой, подрядон организацитæ химæрайст хæстæ куыд æххæст кæнынц, уымæн.

Куыд загъдæуыд, афтæмæй ацы азы дæргъы горæты хъуамæ рацаразой алы уынгты фæндæгты 43 участочы. Уыдонæй ныридæгæн архайд цæуы 27 объектыл.

Милдзыхы-фырты ныхасмæ гæсгæ, подрядон организациты 'рдыгæй алыхуызон ахаст ис сæ куысты хæстæм.

"Зæгъæм, иуæй-иу объекттыл куыстытæ цæуынц райсомæй изæрмæ, суанг ма æхсæвыгæтты дæр. Кæцыдæр бынæтты та цалцæггæнæг бригадæтæ сæ куыст райдайынц æрмæстдæр 9 сахатыл, 17 сахатыл та сæ рад ахицæн вæййы. Æмæ ахæм ахаст цас раст у? Кæй зæгъын æй хъæуы, уалдзæджы къæвдатæ иуцасдæр фæфæстæдæр кодтой цалцæггæнæн куыстыты æмгъуыдтæ. Фæлæ ныр, хорз боныхъæдæй пайда кæнгæйæ, æппæт фадæттæй дæр бацархайын хъæуы, цæмæй æппæт нысангонд куыстытæ дæр цыбырдæр æмгъуыдтæ æмæ æмбæлгæ хæрзхъæддзинадимæ æххæстгонд æрцæуой", — фæнысан кодта администрацийы сæргълæууæг.

Фембæлды архайджытæ ацы æмæ иннæ æууæлтыл бæстон æрдзырдтой æмæ сфидар кодтой иумæйаг уынаффæтæ.

Нæ уацхæссæг

Цæстдард

Арæны сæрты — æнæзакъонæй

Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæ Фæскавказы бæстæтæй иуæй нæм æрбацæуæг 43-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг акт сфидар кодта.

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 322 статьяйы 2 хайы ("Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон арæны сæрты æнæзакъонæй бахизын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, 2016 аз миграцион службæ рахаста Уæрæсемæ амынд фæсарæйнаг адæймаджы ма æрбауадзыны æмæ йын бæстæйы паддзахадон арæны сæрты ахизыны бар ма радтыны тыххæй уынаффæ. Нæлгоймагæн ацы хабар гæххæттыл фыстæй фехъусын кодтой. Фæлæ уый, йæ бæрæггæнæнтæ фæивгæйæ, ног паспорт райста æмæ, фæстæдæр йе 'цæг ном басусæг кæнгæйæ, Уæрæсейы паддзахадон арæны сæрты æнæзакъонæй бахыст.

Оперативон-агурæн мадзæлттæ баххæст кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ закъонхалæджы архайд раргом кодтой.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Газы хæдзарад

Аиппытæ аиуварс кæнынæн

Оперативон-профилактикон акци "Ночь-Район" æххæст кæнгæйæ, æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Газпром межрегионгаз Дзæуджыхъæу"-ы специалисттæ нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады кусджытимæ бабæрæг кодтой газы 1,6 мин фæлхасгæнæгæй фылдæры.

Физикон æмæ юридикон иуæгтæ газæй æнæзакъонæй кæй пайда кæнынц, акцийы фæрцы раргом сты 160 ахæм цауы. Æххæстгонд мадзæлтты бæрæггæнæнтæм гæсгæ сарæзтæуыд 120 административон æмæ 14 уголовон хъуыддаджы.

Уымæй уæлдай, газæй ифтонгады фæдыл бадзырдтæ кæмæ нæ уыд, фæлæ, газ кæдæм бауагътой, ацы азы райдайæнæй нырмæ газы хæдзарады кусджытæ бирæфатерон хæдзæрттыкæртыты ссардтой æхсæнадон мадзæлттæ аразынæн, цæрынæн арæзт чи нæу, 7 ахæм бæстыхайы. Æдасдзинадæн фадæттæ саразынæн амынд бæстыхæйттæ газифтонгадæй фæцух кодтой.

— Уæвæн ис, æмæ специалистты æвастæй цыфæнды объектмæ дæр газ бауадзыны хъуыддагæй тæссаг уавæр сæвзæрдзæн. Ацы æууæл нымайгæйæ, Мидхъуыддæгты министрады кусджытимæ кæй æххæст кæнæм, уыцы мадзæлтты хæс у, канд газифтонгады къабазы аиппытæ раргом кæнын æмæ сын кæрон сæвæрын нæ, фæлæ ма æрдзон газæй пайда кæныны рæстæг адæмы æдасдзинадæн фадæттæ саразын дæр, — загъы "Газпром межрегионгаз Дзæуджыхъæу"-ы генералон директор **Хъодзаты Алан**.

Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Газпром межрегионгаз Дзæуджыхъæу"-ы пресс-службæ

Ничи ферох — ницы ферох

Тохы фæстейы нæ баззад...

Дыууынæм æнусы дунейы цы цаутæ æрцыд, уыдонæн сæ ахъаззагдæр уыд Дыккаг дунеон хæст. Бирæ уæззау фæлварæнты рацыдис, æвæдза, Советон Цæдис йæ равзæрдæй фæстæмæ. Фæлæ нæ бакуымдта фæтасын фыдызнæгтæн иу фыдæвзарæны дæр, кæцытæн сæ тæккæ карздæр уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Бирæнацион бæстæйы адæм, æфсымæртау, уæхски-уæхск цыдысты знаджы ныхмæ æмæ сын бантыст Стыр Уæлахиз æрхæссын.

Фæстейы нæ баззадысты уыцы цауты архайæг Фыййаджыбылы фæсивæд дæр.

Дыууæсæдæ хæстоны (уыди дзы сылгоймæгтæ дæр) афæндараст кодта нæ гыццыл хъæубæстæ хæстмæ. Уыдонæй 92 сæ фыдыуæзæгмæ нал раздæхт. Чи ма дзы сыздæхт цæфтæй, хъæдгæмттимæ, уыдонæй дæр абон, хъыгагæн, ничиуал ис.

Уыцы хъæбатыр, цардбæллон фæсивæдæй уыдис Брытъиаты Дзаммырзы фырт Хадзыбечыр дæр. Райгуырдис 1909 азы Хъæдгæроны. Фондз азы йыл куы сæххæст, уæд бинонтæ ралыгъдысты Фыййаджыбылмæ.

Хадзыбечыр уыд зæрдæргъæвд сывæллон, тырныдта алцыдæр базонынмæ, йæ кары сывæллæттæй хицæн кодта йæ уæззау зондахастæй. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис хъæууон авдазон скъола, стæй йæ ахуыр адарддæр кодта Дзæуджыхъæуы базарадон техникумы. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ та каст фæцис техникум дæр æмæ кусын райдыдта йæ дæсныйадыл базарадон къабазы Орджоникидзейы районы.

Фæлæ læппуйы агайдтой йæ рагон бæллицтæ, рагæй йæ фæндыд афицер суæвын (уыцы азты — фæсивæды сæйраг бæллиц).

1932 азы абалц кодта Мæскуымæ артиллерион училищæмæ фæлварæнтæ дæттынмæ. Хæххон læппу равдыста арф зонындзинæдтæ æмæ ахуыр кæнын райдыдта. Уæд базонгæ нæхихъæуккаг Уаниаты Елбыздыхъоимæ (бæхджын æфсады хæстон лæг) æмæ елхотаг Карсанаты Хъазыбегимæ (фæстæдæр — Советон Цæдисы Хъæбатыр). Ацы зынгæ хæстон лæгтæ се ‘мзæххон læппуйы æнтыстдзинæдтæй уыдысты сæрбæрзонд. Арæх-иу Хадзыбечыр сæрыстырæй йе 'мбæлттæн дзырдта, мах, дам, Ирыстоны кад бæрзонд хæссæм, цæстуарзонæй-иу æххуыс кодта, ахуыры къуылымпыдзинæдтæ чи æййæфта, уыдонæн, куыд патриот æмæ интернационалист.

1934 азы Брытъиайы-фырт æнтыстджынæй каст фæцис училищæ æмæ службæ кæнын райдыдта Ивановойы облæсты горæт Шуяйы батарейы командæгæнæгæй. Арæхстджын разамонæг артиллерион полчъы разагдæрыл нымад кæй уыд, уый тыххæй бирæ кады гæххæттытæй æмæ зынаргъ зæрдылдарæн лæвæрттæй хорзæхджынгонд уыд.

Уыцы рæстæджы бæстæйы хæстон разамынд агурын райдыдта авиацимæ зæрдæргъæвд æмæ ахуыргонд фæсивæды. Æмæ та ам дæр Хадзыбечыры "хъул сах абадти". Ацыди Харьковы тæхджыты училищæмæ ахуыр кæнынмæ. Райста дыккаг æфсæддон дæсныйад, каст фæци училищæ æмæ службæ кæнын райдыдта Воронежы. Лæвæрд ын æрцыд капитаны цин, æмæ цыбыр рæстæгмæ нысангонд æрцыд бомбæзгъалæг хæдтæхджыты эскадрилийы командæгæнæгæй.

1939 азы нæ бæстæйы ныгуылæн арæнтыл ссыгъди хæстон арт — райдыдта Финляндийы хæст. Европæйыл рапарахат хæсты арты цæхæр.

Брытъиайы-фырты, куыд советон афицер, афтæ бахъуыд хæсты цæхæры бацæуын, ныфс æмæ лæгдзинад равдисын — æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Тæккæ зындæр æмæ вазыгджындæр хæстæ лæвæрд цыдысты Хъазыбечыры эскадрилийæн...

(Кæрон 4 фарсыл)

Æрыдоны районæй

Сидтоны бон

Æфсæддон службæйы кад бæрзонддæр сисыны нысанимæ 1992 азы нæ бæстæйы фæзынд Сидтоны бон. Сбæрæг æй кодтой Æрыдоны районы. Уалдзыгон æрсидт райдыдта æмæ ахæсдзæн 15 июлмæ. Фæсивæдæй 18-27 азы кæуыл цæуы, уыдон сæ граждайнаг хæс æххæст кæндзысты æфсады рæнхъыты.

Лæппуты фылдæр хай цæттæ сты Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты æмрæнхъ æрлæууынмæ, æфсæддон зонындзинæдтæ райсынмæ. Цæмæй Сидтоны бон бæрзонд æмвæзадыл ацæуа, ууыл бацархайдтой районы администраци æмæ Æрыдоны æмæ Алагиры æфсæддон комиссарад.

Фидæны салдæтты суазæг кодтой 16383-æм æфсæддон хайы. Бæрæгбоны архайдтой командæгæнджытæ æмæ æфсæддонтæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, астæуккаг скъолаты ахуырдзаутæ, æмæ, тагъд рæстæг æфсæддон уæлæдарæс чи скæндзæн, уыцы сидтонтæ. Æфсæддон хайы фæсивæдæн равдыстой нырыккон хæцæнгарз æмæ техникæ. Абон салдат цы уавæрты цæры, йæ уæгъд рæстæг куыд æрвиты, уый алчидæр йæхæдæг федта. Цымыдисæй, бирæтæ фыццаг хатт, сæ къухмæ райстой автомат, фехсыны бар дæр сын радтой хæцæнгарзæй. Салдæтты хæрæндоны хойраг сæм афтæ хæрзад фæкаст, æмæ хæринаггæнджытæн бирæ арфæтæ фæкодтой.

Сæдæ хатты фехъусынæй иу хатт фенын хуыздæр у.

Нæ уацхæссæг

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Акæсæм-ма нæ алыварсмæ

Ирыстоны æрдзæй рæсугъддæр нæй куы зæгъон, уæд нæ фæрæдидзынæн. Адæймаг йæ царды бонтæ æрвиты æрдзы хъæбысы æмæ уымæ гæсгæ, йæ алыварс цы æрдз ис, уый хъуамæ уа хъахъхъæд æмæ сыгъдæг. Акæсæм-ма, нæ алыварс цы заууат уавæры сты нæ уынгтæ, нæ быдыртæ æмæ нæ фæлладуадзæн бынæттæ, уымæ. Фыддæр уавæры сты нæ хæххон цæугæдæттæ, Æрыдонæй Дигорамæ фæндаджы былтыл цы бырондæттæ скодтой, æмæ, хъæуы цæрджытæ сæ бырæттæ кæдæм калынц, уыцы бынæттæ. Нæ поэттæ сæ хуыздæр уацмыстæ цы Теркыл фыстой, уымæ калынц коммуналон хауæццæгтæ, нефты продукттæ.

Æркæсæм-ма нæ цæхæрадæттæм, дыргъдæттæм. Тынг æдзæллагмæ æрцыдысты. Ничиуал сæм зилы, кæрдæг æмæ хæмпæлы бын фесты. Хъæуы цæрджытæ августæй сентябры онг бакусыны зивæрæй базарты æлхæнынц сыхаг республикæтæй ласт дыргътæ æмæ халсартæ. Арæх газет æмæ телеуынынадæй фехъусæм, сыхаг республикæты зæххы куыст чи кæны уыдон, цы стыр æхцайы фæрæзтæ райсынц, уый тыххæй. Сæ зæххы фæллойæ сисынц 35 миллиард сомы бæрц.

Ирон адæмæй дæсныдæр зæххы куыстмæ ничи уыд, фæлæ, хъыгагæн, абон уый мæ бон зæгъын нæу.

Мæ зæрдæ ноджы тынгдæр риссы, нæ рагфыдæлтæй нын цы мæсгуытæ баззад, уыдон зæууатмæ кæй æрцыдысты, уыл. Цæгат æмæ Хуссары куыд никæй зæрдæ риссы, куыд ничи сæ цалцæг кæны. Ахæм уавæр не 'хсæнады кæй сæвзæрд, уый сæрмæхæссинаг нæу. Дзаджджын фынгтыл бадгæйæ, нæ рагфыдæлты ном ссарæм, фæлæ нын цы хъæздыг культурæ æмæ традицитæ ныууагътой, уыдонæй нæ царды арæх нал пайда кæнæм.

Æппæт аразинаг хъуыддæгтыл адæймаг кæм æххæссы, фæлæ нæ уæлмæрдтæй æдзæллагдæр нæй. Дæнцæгæн нын бæззынц сыхаг республикæтæ æмæ фæсарайнаг бæстæты цæрджытæ. Тынг аив, дидинтæй фæлыст сты сæ уæлмæрдтæ. Нæ царды уагмæ куы æркæсæм, уæд нæ фыдæлты ном алы фынгыл ссарæм, фæлæ хъуыддаг афтид уымæй хъуамæ ма хицæн кæна. Абон мах куыд кад кæнæм нæ рагфыдæлтæн, махæн дæр уыдзæн ахæм кад.

Æвзæр рæстæг ралæууыд, æмæ æрдзон низтæ фæтых сты нæ хистæр фæлтæрыл. Фæлæ ма дзы чи ис, уыдоныл хъæуы аудын æмæ сæ амындæй нæ цард хуыздæрæрдæм аивыныл бацархайын.

Цæгат Кавказы зæхх алкæддæр бæркадджын, тыллæгджын уыд, æмæ фæсивæды зæххы куыстмæ раздахæм, нæ традицитæ, культурæ дысвæлдæхтæй рапарахат кæнæм.

ХÆТÆГТЫ Владимир, æхсæнадон уацхæссæг

“ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛКЪ”

ÆЛБЕГАТЫ Никъала

КАЛОТЫ Ибрагим

ЧЕХОЙТЫ Михал

ГУЫССÆУТЫ Георги

КАЛОТЫ Сергей

МÆРЗОЙТЫ Хадзымурат


ГУЫССÆУТЫ Колка

ГУЫССÆУТЫ Барис

ДЗУГАТЫ Хазби

УАНИТЫ Макар


РÆМОНТЫ Гадзо

САЛХЪАЗАНТЫ Михал

ГУЫССÆУТЫ Дыгыс

ГУЫССÆУТЫ Петр

ЦУЦАТЫ Дмитри

КЪЕСАТЫ Георги


КЪЕЛОЙТЫ Георги

СИДАХЪАТЫ Андрей

БАСКАТЫ Барис (Бодзи)

ГУЫССÆУТЫ Таймураз

ГУЫССÆУТЫ Петр


ГУЫССÆУТЫ Алыксандр


КЪЕЛОЙТЫ Апон

КЪЕЛОЙТЫ Афæхъо


ТОХСЫРТЫ Амырхан

ДЕГЪУАТЫ Харитон

ХЪУЛАТЫ Муради

КЪОЗАТЫ Барис (Бæтæхъо)

ЦÆГÆРАТЫ Владимир

ЦÆГÆРАТЫ Дзамболат

ДЗАНАЙТЫ Давид

ДЗАНАЙТЫ Афанас


ДЗАНАЙТЫ Гаврил

ДЗАНАЙТЫ Аврам

“ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛКЪ”


ÆЛБОРТЫ Саукуыдз

ФИДАРАТЫ Георги

БОКОТЫ Антъон

ДЫДАРТЫ Владимир

ХЪАМБЕРДИАТЫ Хъасболат


ХЪЕСАТЫ Солтан

МОРГУАТЫ Алыксандр

ХЕТÆГТЫ Созырыхъо

ДЗÆХАТЫ Темырхъан

ЕДЗИТЫ Цини


ДЗЕБОЙТЫ Хазби

ФÆРНИАТЫ Зауырбег

ХЪУЫЛАТЫ Ладемыр

ХЪУЫРГЪОСТЫ Иван

ТАУТИАТЫ Джерихан

ТАУТИАТЫ Лизæ


ТАУТИАТЫ Гайсын

ТАУТИАТЫ Тæтæри

ТАУТИАТЫ Ахметкæ

ТАУТИАТЫ Мырзахъул

ТАУТИАТЫ Бадджери

ТАУТИАТЫ Дрис


ТАУТИАТЫ Будзи


ТАУТИАТЫ Мæцыхъо

ТАУТИАТЫ Сабазджери

ТАУТИАТЫ Уырызмæг

ЦÆГÆРАТЫ Владимир

КУЫДЗИАТЫ Константин

А.С. Пушкины райгуырдыл сæххæст 223 азы

Поэты алайнаг туг æмæ йæ байзæддæгтæ

Уæрæсейы азфыстмæ гæсгæ Владимир Мономах йæ фырт Юрий Долгорукийæн 1107 азы ракуырдта алайнаг кънйазы фырты чызджы. Юрийы фырт Всеволод дæр бафæзмыдта йæ фыды æмæ уый дæр цардæмбалæн равзæрста алайнаг чызг Марияйы. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ хойы дæр бацамыдта Киеваг кънйаз Святославы фырт Мстиславæн.

Всеволод æмæ Марияйæн рантыст 12 сывæллоны, уымæ гæсгæ сæ рахуыдтой Стыр ахстон (Большое гнездо). Сæ фырттæй иу стыр кънйаз Ярослав уыд Новгородаг кънйаз, стыр уырыссаг æфсæддон разамонæг, политикон архайæг æмæ дипломат, адæмон хъæбатыр Александр Невскийы фыд.

Невскийы фыдымад алайнаг — ирон Марияйы хорзы кой ныхъхъæр æппæт Уæрæсейыл дæр. Йæ бирæ цот бахъомыл кодта Фыдыбæстæйæн патриоттæй. Марияйы йæ хæрзконд æмæ зæрдæхæлардзинады, йæ мойимæ кад æмæ радимæ кæй фæцард, уый тыххæй йæ амарды фæстæ Уæрæсейы чырыстон аргъуан банымадта сыгъдæг удыл. Уый размæ ма сыгъдæг удтыл банымадтой дыууæ адæймаджы: уырысæн чырыстон дин чи райсын кодта, уый — Владимир фыццаджы æмæ Киеваг æхсин Ольгæйы (чырыстон дин райста Константинополы). Мария уыд æртыккаг, цыппæрæм уыд йæ фырт, фæндзæм — йæ фырты фырт Александр Невский, æхсæзæм — Невскийы фырт Даниил.

Александр Невскийы байзæддаджы йæ фырт Андрей Ш-йæ рацæугæ иу къабазы фæстæдæр райгуырд Уæрæсейы номдзыд поэт, гений А.С. Пушкин. Йæ иннæ фырт сыгъдæг уд Даниилæй рацæугæ къабазы та райгуырд Пушкины цардæмбал Н.Н. Гончарова. Афтæмæй лыстæг ахъуыды кæнгæйæ, Александр Пушкин æмæ Наталья Гончаровайы уæнгты хъазыд сæ рагон мад, ирон сылгоймаг Марияйы тæвд туг дæр. Номдзыд поэт йæ уацмыс "Путешествие в Арзрум"-ы ирон адæмы тыххæй хуымæтæджы тыхстæй нæ фыста: "Осетинцы — самое бедное племя из народов, обитающих на Кавказе", æмæ ма йыл æхсызгонæй бафтыдта: "Женщины их прекрасны".

Уæдæ адæмон сфæлдыстады бындурыл цы уацмыстæ ныффыста, уыдоны дæр цыдæр хиондзинады тæваг банкъары ирон чиныгкæсæг. Бæрæг у, ирон адæмон сфæлдыстадæн дæр æцæгæлон кæй не сты сæ архайджытæ æмæ сæ хъæбатырдзинæдтæ. Алы адæмтæм кæрæдзийы цард, фæлтæрддзинад, культурæ æмæ аивад базонынмæ тырнындзинад ис. Хорз алкæмæн дæр фæзминаг у, æмæ-иу сабыр изæрты Мария йæ бирæ цотæн цы алайнаг-ирон аргъæуттæ, таурæгътæ, кадджытæ дзырдта, уыдон фæлтæрты сæрты Пушкинмæ дæр æрхæццæ сты.



Пушкин Михайловскоейы хъæуы

И. А. Крылов, А.С Пушкин, В. А. Жуковский, Н. И. Гнедич

Наталья Гончарова — Пушкины бинойнаг

А.С.Пушкины кусæнуат. Бетъырбух. Мойка, 12.

Александр Пушкины цард æмæ сфæлдыстад иртасджытæ зæгъынц, зæгъгæ, Ирыстоны куы уыд, уæд ма Дзæуджыхъæуы цæрджытæй уæлдай фембæлд æрыдойнæгтæ æмæ джызæйлæгтимæ. Джызæлы иу зианы йæхи цæстæй федта ирон мардæвæрыны æгъдæуттæ. Уый зонгæйæ йæ нывгæнæг Павел Зарон сныв кодта ирон Ныхасы лæгтимæ. Ныв хуыйны "Александр Пушкин ирон хъæуы".

Александр Сергейы фырт Пушкин райгуырд 1799 азы 6 июны (зæронд нымадæй 26 майы) горæт Мæскуыйы Немыцаг уынджы колледжы регистратор Иван Василийы фырт Скворцовы хæдзары. Йæ фыд Мæскуыйы комиссарады чиновник, отставкæйы майор Сергей Левы фырт Пушкин æмæ йæ мад Надеждæ Осипы чызг Ганнибалæн Александр уыд дыккаг сывæллон.

Пушкинтæ нымад уыдысты рагон дворяйнаг мыггагыл, сæ фыдæлты номхыгъд цыд XIII æнусæй æмæ æнгом баст уыдысты Уæрæсейы паддзахад сфидар кæныны историимæ. Йæ мадымад Мария Алексеевы чызджы мад Саррæ Юрийы чызг Ржевскаяйы 'рдыгæй та фидæны стыр поэты къабаз анхъæвзта суанг рагон Киеваг Русы онг. Пушкинты мыггагыл æртыккаг къабаз бафтыд Ганнибалтæй. Абрам Петры фырт Ганнибалы номæвæрæг æмæ хъомылгæнæг уыд паддзах Петр I йæхæдæг, Абрамы фырт Осип та уыд Александр Пушкины мады фыд.

Уæрæсейы рагон дворянты бинонтæм уыд иу хицæн миниуæг, цалдæр фæлтæры фæстæ та-иу ног хæстæгдзинад бакодтой. Уымæн ирд æвдисæн сты Пушкинтæ. Поэты мадымад Мария Алексеевы чызг дæр уыд Пушкинтæй, йæ фыд Сергей Левы фырты фыдыфыды æфсымæры фырты чызг. Кæрæдзийæн хо æмæ æфсымæр æххæссыдысты, уымæн æмæ сæ дадатæ Федор æмæ Александр уыдысты æфсымæртæ

— Петр Петры фырт Пушкины фырттæ, афтæмæй йын Сергей ракуырдта йæ чызг Надеждæйы. Æмæ Мария дæр уыл сразы. Сæ хæстæгдзинад хорзæй зыны ацы схемæйы.

Петр Петры фырт Пушкин.

Федор Петры фырт Пушкин.

Алексей Федоры фырт Пушкин (йæ ус — Саррæ Юрийы чызг Ржевская).

Мария Алексеевы чызг Пушкина (йæ лæг — Осип Абрамы фырт Ганнибал).

Надеждæ Осипы чызг Ганнибал (йæ лæг — Сергей Левы фырт Пушкин).

Александр Петры фырт Пушкин.

Лев Александры фырт Пушкин (йæ ус — Ольгæ Василийы чызг Чичерина)

Мария Алексеевы чызг Пушкина 1772 азы смой кодта Осип Абрамы фырт Ганнибалæй, сæ чызг Надеждæ та чындзы ацыд Сергей Левы фырт Пушкинмæ 1796 азы.

А.С. Пушкин цымыдис уыд йæ равзæрдмæ, ахуыр кодта, иртæста сæ хæдзарвæндаджы истори æмæ сæрыстырæй фыста: "Имя предков моих встречается поминутно в русской истории". Зындгонд куыд у, афтæмæй сæ бинонты таурæгътæ æмæ документтæй пайда кодта йе сфæлдыстады: роман "Арап Петра Великого"-йы, "План повести о стрельце"-йы, поэмæ "Езерскийы", "Моей родословной"-ы. Йæ æрдæг фыст роман "Арап Петра Великого"-йы (мыхуыргонд æрцыд йæ мæлæты фæстæ) æмбæлæм ахæм мыггæгтæ æмæ нæмттыл, йæ бинонты историйæ кæй райста, пайда дзы кæны Ржевскийты, Пушкинты историйæ, Ганнибалы биографийæ.

Пушкины нана Марияйы мад Саррæ (райгуырд 1721 азы, амард 1790 азы) уыд Дæллаг Новгороды вице-губернатор, æцæг статон уынаффæрæнæг Петр I хæлар, Юрий Алексейы фырт Ржевскийы чызг. Саррæ 1742 азы смой кодта Туркимæ хæсты архайæг, капитан Алексей Федоры фырт Пушкинæй (райгуырд 1717 азы 3 мартъийы, амард 1777 азы 5 ноябры).

Пушкин йæ сабибонтæ арвыста йæ мадымад М.А. Ганнибалимæ Мæскуыйы, сæ цæрæн бынат Захаровы. Фыццаджыдæр уымæй банкъардта уырыссаг аргъæутты тых æмæ аивдзинад, уымæ ахуыр кодта уырыссаг фæлгонцджын ныхасы рæсугъддзинадыл, уымæ базыдта кæсын æмæ фыссын.

Мария Алексеевы чызг Ганнибалæн йæ лæгимæ йæ цард нæ ацыд (райгуырд 1745 азы, амард 1818 азы). 1775 азы райгуырд йæ иунæг чызг Надеждæ. Афæдзы фæстæ йæ Осип Абрамы фырт ныууагъта, уыимæ йын байста йæ чызджы дæр, хъомыл кæнынмæ йæ радта йæ хæлармæ, йæхæдæг сусæгæй ног ус ракуырдта. Уый фæдыл А.С. Пушкин "Начало биографии"-йы фыссы афтæ: "Бабушка принуждена была подать просьбу на имя императрицы, которая с живостью вмешалась в это дело. Новый брак деда моего объявлен был незаконным, бабушке моей возвращена трехлетняя ее дочь, а дедушка послан на службу в Черноморский флот. Тридцать лет они жили розно. Дед мой умер в 1807 году в своей псковской деревне от следствий невоздержанной жизни. Одиннадцать лет после того бабушка скончалась в той же деревне. Смерть соединила их. Они покоятся друг подле друга в Святогорском монастыре".

Номдзыд поэты мад Надеждæ йæ сабидуг æмæ æвзонгад арвыста Бетъырбухы фæсгорæт Кобрины йæ мадимæ. Мадмæ амы цæрæн бынат æрхауд тæрхондоны уынаффæмæ гæсгæ йæ лæг Осипæй. Надеждæ ам райста хорз хъомылад, ахуыргонддзинад, бирæ бакаст, тынг хорз зыдта францаг æвзаг. Йæхи сæрибарæй æнкъардта хъæздгуыты æхсæнады, уыдис ын бирæ зонгæтæ, дис кодтой йæ аивдзинадыл, хуыдтой йæ рæсугъд. Сергей Левы фырт Пушкин æмæ Надеждæ Осипы чызгыл сæ сыхаг хъæу Воскресенскы аргъуаны саргъуыдтой 1796 азы 28 сентябры. Кæрæдзимæ уарзондзинад æмæ æнувыддзинады фæрцы иумæ фæцардысты 40 азы (Надеждæ амард 1836 азы).

Сергей Левы фырт Пушкин райгуырд 1770 азы 23 майы. Авд азы йыл куы сæххæст, уæд æй ныффыстой Измайлы полчъы лейб-гвардимæ.

Бетъырбухы егерты полчъы сержант, прапорщик, уый фæстæ та капитан-поручик. 1798 азы майоры цины ныууагъта йæ службæ æмæ йæ бинонтимæ æрбалыгъд Мæскуымæ цæрынмæ. 1800 азы кусын райдыдта Комиссарадон штаты, 1814 азы йæ сæвæрдтой Варшавæйы фæстауæрцон æфсады Комиссарадон къамисы хицауæй. Уæд Надеждæ Осипы чызг йæ цотимæ ногæй цæрынмæ алыгъд Бетъырбухмæ. Ардæм сæм 1817 азы отставкæйы фæстæ статон уынаффæгæнæгæй æрбаздæхт С.Л. Пушкин дæр.

Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ А.С. Пушкинæн йæ ныййарджыты хæдзары фадат уыд зындгонд фыссæг æмæ историк Н.М. Карамзины, поэттæ И.И. Дмитриев æмæ К.Н. Батюшковы уынын, семæ ныхас кæнын. Йæ фыд Сергей зæрдæвæрдæй бирæ æмдзæвгæтæ зыдта, фыста æмдзæвгæтæ, аив сæ каст, аивад æнкъардта йæ удæй. Фыды алывæрсыг тырнындзинæдтæ — театр, литературæ, музыкæ хорзæрдæм зындысты йæ цоты зæрдæргъæвддзинæдтыл. Хъæрæй сын каст йæ уарзон уацмыстæ, сæ бар уыд йæ диссаджы библиотекæ. Францаг æвзаг зыдта тынг хорз, йæ цыргъзонд, йæ хæрзæгъдау æмæ дзурынмæ арæхстдзинад æй уарзын кодтой йæ бинонтæн æмæ адæмæн дæр.

Сергей æмæ Надеждæ Пушкинтæн рацыд аст сывæллоны.

Фондзæй — Михаил, Николай, Павел, Платон æмæ Софья амардысты хæрз чысылтæй. Сæ фыццаг сывæллон уыд Ольгæ (райгуырд 1797 азы 20 декабры, амард 1868 азы 2 майы). Дыккаг Александр, æртыккаг Лев райгуырд 1805 азы 17 апрелы. Ольгæ æмæ Александр тынг æнгом цардысты, кæрæдзийыл æрхъæцмæ нæ хъæцыдысты. Сæ хæлардзинады тыххæй Ольгæ ныууагъта йæ мысинæгтæ. Мады рæвдыдæй къулбадæг нæ уыдысты. Уый йе 'ргом фылдæр аздæхта кæстæр фыртмæ.

1811 азы сæрды Александр Мæскуыйæ Бетъырбухмæ лицеймæ ацыд ахуыр кæнынмæ. 1814 азы сæ бинонтæ иууылдæр уырдæм куы балыгъдысты, уæд Ольгæйæн фадат фæци йе 'фсымæры Царское селойы искуыиу хатт бæрæг кæнын. Уыцы аз Пушкин ныффыста йæ æрвыстæг "К сестре". Лицей каст куы фæци, уæд 1817 азы сæрд иумæ арвыстой Михайловскоейы. Уый сын уыд хиирхæфсæн, зæрдиаг ныхæсты, æмдзæвгæты амондджын рæстæг.

Ольгæ Сергейы чызг хæларæй цард П.А. Вяземскиимæ, А.А. Дельвигимæ æмæ йæ ус Софьяимæ. Æртын азы йыл куы сæххæст, уæд йæ бинонты сусæгæй аргъуаны йæ цард баиу кодта Николай Иваны фырт Павлищевимæ. А.С. Пушкины зæрдæмæ нæ фæцыд йæ хойы равзæрст мой, фæлæ йæ куырдиатмæ гæсгæ йæ фæндыл сразы кодта сæ ныййарджыты.

Лев Сергейы фырт Пушкин йе 'фсымæры æнгæс уыд тынг, зæрдæвæрдæй ын зыдта йæ æмдзæвгæтæй бирæ, аив сæ каст. Райдайæны йын-иу А.С. Пушкин бахæс кодта сæ ныммыхуыр кæнын, гонорар исыны хъуыддаг дæр уымæ хауд, фæлæ куы базыдта, йе 'хца йын æнауæрдгæ паплой кæны, хæстæ исы æмæ сæ фиды, уæд ын ницыуал хæс кодта.

Лев Сергейы фырт Пушкины тыххæй йе 'мдугонтæй иу — А.И. Дельвиг ныууагъта ахæм мысинæгтæ: "Он был остроумен, писал хорошие стихи, и, не будь он братом такой знаменитости, конечно, его стихи обратили бы в то время на себя общее внимание. Лицо его белое и волосы белокурые: завитые от природы. Его наружность представляла негра, окрашенного белою краскою".

Пушкинты хæдзары кæддæриддæр æхсызгон уазæг уыд сæ фыды æфсымæр Василий. Александры дæр Мæскуыйæ Бетъырбухмæ лицеймæ фæлварæнтæ дæттынмæ уый акодта. Василий Левы фырт Пушкин райгуырд 1766 азы 27 апрелы. А.С. Пушкин æй хуыдта: Парнасский мой отец". Уый у поэмæ "Опасный сосед" (1811 аз) æмæ æмдзæвгæты æмбырдгонд "Стихотворни"-йы автор. В.Л. Пушкин уыд литературон æхсæнад "Арзамас"-ы уæнг, "Карамзины парти"-йыл аудæг, тынг хорз зыдта æрмæст францаг æвзаг æмæ литературæ нæ, фæлæ латынь, итайлаг æмæ немыцаг æвзæгтæ дæр. Уыд балцы Германы, Францы, Англисы. Йæ уарзон поэт уыд П.Ж. Беранже, йæ иу æмдзæвгæ йын ратæлмац кодта уырыссаг æвзагмæ. Мæскуыйы цæргæйæ-иу йæ хæдзары арæх уыдысты И.И. Дмитриев, В.А. Жуковский, К.Н. Батюшков, Е.А. Баратынский, Адам Мицкевич, А.А. Дельвиг, П.А. Вяземский æмæ бирæ æндæр зындгонд адæймæгтæ. Уæдæ йын А.С. Пушкин та ахæм аргъ кодта æмæ, 1830 азы 20 августы куы амард, уæд æппæт хæрдзтæ дæр райста йæхимæ.

1828-1829 азты зымæджы А.С. Пушкин мæскуыйаг балтæй иуы фыццаг хатт федта æхсæрдæсаздзыд Наталья Гончаровайы. "Когда я увидел ее в первый раз, красоту ее едва начинали замечать в свете. Я полюбил ее, голова у меня закружилась", — фыста фæстæдæр поэт. Куы базонгæ сты, уæд ын Пушкин уайтагъд йе 'нкъарæн, сæ цард баиу кæныны тыххæй йæ хъуыды бамбарын кодта. Наталья йын бæлвырд дзуапп нæ радта, фæлæ "нæ" дæр нæ загъта. Уыцы æбæрæгдзинад поэтæн æнцой нæ лæвæрдта, тыхст, йæхицæн бынат нæ ардта, æмæ йæ бахъуыд искæдæм ацæуын, йæ хъизæмайраг æнкъарæнтæй фервæзын. Пушкин рацыд Кавказмæ. 1829 азы сентябры фæстæмæ куы аздæхт, уæд та арæх цæуын райдыдта Гончаровтæм.

1830 азы мартъийы та Пушкин йæ фæнд бамбарын кодта Натальяйæн, æмæ йын уый разыйы дзуапп радта. Фæлæ сæ чындзæхсæвмæ нырма уыд бирæ рæстæг. Æрмæстдæр декабры, поэт Болдинойæ куы æрбаздæхт, уæд райдыдта архайын йæ фидæны бинонтæ аразыныл, Арбаты Н.Н. Хитровайы хæдзары баххуырста фатер. Уый размæ Пушкин сфæлмæцыд Бетъырбухæй Мæскуыйы 'хсæн рацу-бацу кæнгæйæ, лицейы уаты, фысымуæтты цардæй. Ныр ын фадат фæци йæхи хæдзары йæ уарзон бинонтимæ цæрынæн. Уый йын Натальямæ йæ æнкъарæнтæ ноджы фæтыхджындæр кодта. Уарзта, æмæ йæ уарзтой! Ацы уавæры уымæй амондджындæр ничиуал уыд. 1831 азы 10 февралы йæ хæлар Н.И. Кривцовмæ фыста: "Мне за 30. В тридцать лет люди обыкновенно женятся — я поступаю как люди, и вероятно, не буду в том раскаиваться". Поэт стыр бæрнондзинад æнкъардта йе 'рыгон усы раз, йæ амондыл уыдысты йæ хъуыдытæ.

Наталья Николайы чызг Гончарова райгуырд 1812 азы 27 августы Тамбовы губернийы. Йæ сабибонтæ арвыста йæ фыдыфыды хæдзары Полотняный заводы. Хъæууон æрдз, сæрибар цард, чингуытæ бæлвырд фæзындысты йæ удыхъæды рæзтыл: уыд сабыр æмæ уæздан, хæларзæрдæ, баххуысмæ — цæттæ. Ташæйыл (афтæ йæ хуыдтой бинонтæ) авд азы куы рацыд, уæд æй Мæскуымæ аластой йæ ныййарджытæм, æмæ райдыдтой йæ ахуыры астæ сæхимæ йæ хотæ æмæ æфсымæртимæ. Ахуыр кодтой францаг, немыцаг æмæ англисаг æвзæгтæ, уырыссаг æвзаг æмæ литературæ, географи, æппæтдунеон æмæ Уæрæсейы истори. Фыстой æмдзæвгæтæ, кафыдысты, хъазыдысты.

Йæ рæстæг куы æрцыд, уæд Наталья æнцонæй ныууагъта йæ ныййарджыты хæдзар. Уымæн æмæ йæ мад иуæй æгъатыр æмæ хъæддых сылгоймаг уыд, иннæмæй — фыдсыл, уæдæ фыд та — рынчын. Ахæм бинонты 'хсæн æнцон цæрæн нæ уыд. А.С. Пушкинимæ цы æхсæз аз фæцард, уыдон йæ зæрдæйы баззадысты рухс мысинæгтæй. "Гляделась ли ты в зеркало, и уверилась ли ты, что с твоим лицом ничего сравнить нельзя на свете, а душу твою я люблю еще более твоего лица", — фыста йæм йæ цардæмбал. Æмæ ма уымæй æргомдæр, уымæй æнкъарæнджындæр, рæсугъддæр фыссæн ис уарзон адæймагмæ.

1837 азы январь сын сæ хæдзармæ æрбахаста, срастгæнæн кæмæн нал уыд, ахæм стыр бæллæх. Фæмард Пушкин, фæлæ йемæ нæ ацыд сæ уарзондзинад. Наталья йæ læджы фæстæ йæ цард иууылдæр снывонд кодта йæ сывæллæттæн. Йæ læджы куырдиатмæ гæсгæ йæ цотимæ Бетъырбухæй цæрынмæ ацыд Полотняный заводмæ, йе 'фсымæр Д.Н. Гончаровмæ. Фæлæ йын йе 'фсымæры хæдзары зын цæрæн уыд. Дыууæ азæй фылдæр дзы нæ бафæрæзта — 1841 азы йæ цотимæ балыгъд Михайловскоемæ. Сæ хъыг, сæ маст сæ сиу кодта йæ хицауимæ — йæ læджы фыд Сергей Левы фырт Пушкинимæ. Уый дæр æрхъæцмæ нæ læууыд йæ фырты цотыл. Сергей амард 1848 азы 29 июлы, баныгæдтой йæ йæ цардæмбал Надеждæ æмæ йæ фырт Александры фарсмæ Святогорскы моладзандоны сисы фарсмæ.

Наталья Николайы чызг 1844 азы дыккаг хатт чындзы ацыд Бæхджын полчъы лейб-гвардийы командир инæлар-адъютант Петр Петры фырт Ланскоймæ. Ног бинонтæн ма райгуырд æртæ чызджы. Цардысты хæлар æмæ уарзонæй. П.П. Ланской Пушкины цотыл узæлыд, хъомыл сæ кодта хи сывæллæттау. Наталья никуы рох кодта йæ фыццаг læджы, æмæ уыцы æнкъарæнæн Ланской стыр аргъ кодта, нымадта йæ.

Иуахæмы Натальяйы уазал бацыд, тынг фæрынчын æмæ амард 1863 азы 26 ноябры. Баныгæдтой йæ Бетъырбухы Александро-Невская Лаврайы уæлмæрды.

Пушкины хистæр чызг Мария райгуырд 1832 азы 19 майы. Поэты фыстæджыты бирæ ис йæ чысыл Машкæйы кой, уый фадат дæтты, Пушкин кæй уыд уарзæгой, фæлмæн, рæвдауæг фыд, уый бамбарынæн.

Фæлæ уыцы рæсугъд æнкъарæнтæй бирæ нæ фæрæвдыдта йæ цоты. Мария-Машкæ, стæй йæ кæстæр хо Наталья дæр ахуыргонддзинад райстой сæхимæ. Марияйы рæсугъддзинад дисы æфтыдта адæмы. Уыд уæздан æгъдæуттыл хъомылгонд, æхсæнады йæхи ахæм хорз æмæ аив дардта, æмæ йын 1852 азы сакках кодтой Фрейлинæйы ном.

Мария 1860 азы смой кодта инæлар Леонид Николайы фырт Гартунгæй. Уый уæд уыд Тулæйы бынмæ фыццаг фæхты заводы зылды хицау. 1877 азы Л.Н. Гартунгы рæстæй фæаххосджын кодтой зылды бынтæм фæныхилынæй, æмæ уый йæхи фехста. Мария чындзы нал ацыд, цот сын нæ баззад, æмæ Мæскуыйы цард иунæгæй, йæ хъус дардта йе 'фсымæры æмæ хойы цотмæ, сæ хъомылады архайдта зæрдиагæй. Йæ царды зæрдылдарынæн баззад йæ фембæлд Л.Н. Толстойимæ. Фыссæгыл йæ æддаг бакаст афтæ тынг сахадыдта, æмæ дзы сарæзта Аннæ Каренинайы фæлгонц.

Пушкины хистæр чызгæн хъысмæт балæвар кодта даргъ цæрæнбонтæ. Æрæйфæфта ма советон дуг дæр, фæлæ йын нал бантыст, Советон хицауад ын цы пенси снысан кодтой, уый райсын. Амард 1919 азы 7 мартъийы, æмæ йæ баныгæдтой Донскойы моладзандоны уæлмæрды.

Номдзыд поэты хистæр фырт Александр райгуырд 1833 азы 6 июлы. А.С. Пушкин йæ усмæ иу фыстæджы фыссы: "Посмотрим, как-то наш Сашка будет ладить со своим порфирородным тезкой, с моим тезкой я не ладил. Не дай бог ему идти по моим следам, писать стихи, да ссориться с царями! В стихах он отца не перещеголяет, а плетью обуха не перешибет".

Сæхимæ хæдзарон ахуырад райсгæйæ, Александр райдайæны бацыд Бетъырбухы дыккаг гимназмæ, стæй та ахуыр кодта Пажты корпусы, æмæ йæ каст фæци тынг хорз бæрæггæнæнтимæ. Ссис æфсæддон æмæ отставкæйы рацыд инæлар-лейтенанты цины. Йæ бирæ хорзæхтæй иу уыд сыгъзæрин æхсаргард ахæм фыстимæ: "Хъæбатырдзинады тыххæй". Райста йæ, 1877-1878 азты Болгари уæгъд кæнгæйæ уырыссаг-туркаг хæсты цы лæгдзинад равдыста, уый тыххæй.

А.А. Пушкин цæсты гагуыйау хъахъхъæдта йæ фыды дзаумæттæ, йæ къухфыстытæ, чингуытæ. Дыууæ хатты ракуырдта ус, уыдис ын авд чызджы æмæ цыппар фырты. Амард 1914 азы 19 июлы Тулæйы губернийы. Йæхи фæндонмæ гæсгæ йæ баныгæдтой Донскойы моладзандоны уæлмæрды.

Михайловскоейы хъæу

А.С. Пушкин

Пушкин лицейы

Сывæллонгæсы хæдзар

Пушкины дыккаг фырт Григорий райгуырд 1835 азы 14 майы. Йæ хистæр æфсымæрау, уый дæр гимназы фæстæ ахуырмæ бацыд Пажты корпусмæ. Службæ кæнын райдыдта Бæхджын полчъы лейб-гвардийы. Даргъæмгъуыдмæйы отпускты-иу куы рацыд, уæд арæх балцыты уыд фæсарæнты, уæлдайдæр та — Францы. 1860 азы службæйæ рацыд æмæ йын радтой паддзахы хæдзары уынаффæгæнæджы цин. 1866 азы ссис Михайловскоейы хицау, дæс азы фæстæ та йæ снысан кодтой Опочецкийы уезды кадджын тæрхонгæнæгæй. Григорий Пушкин уыд уазæгуарзон, цардбæллон, цыргъзонд æмæ зæрдæхæлар адæймаг. Йе 'мдугонтæ сæ мысинæгты куыд фыссынц, афтæмæй йе 'ддаг бакаст æмæ удыхъæдæй уый уыд йæ фыды хуызæн. 1883 азы ракуырдта В.А. Мошковайы, фæлæ сын цот нæ рацыд.

Александр Сергейы фырт Пушкины райгуырды 100 азы юбилейы агъоммæ Григорий йæ фыды ном сæнусон кæныны охыл сфæнд кодта йæ хъæу Михайловскоейы паддзахадæн радтын. Къазна йæ балхæдта, хъуамæ дзы байгом кодтаиккой зæронд литературтæн хæдзар æмæ кæсæн зал. Григорий та йæхæдæг йæ усимæ цæрынмæ ацыд йæ усы хъæу Маркучаймæ (Вильнюсы бынмæ). Йæ царды фæстаг азты бирæ кодта хæрзаудæн куыст. Амард 1905 азы 15 августы, æмæ йæ баныгæдтой Маркучайы парчы.

Пушкины фæстаг сывæллон уыд Наталья, райгуырд 1836 азы 23 майы. Гыццыл цæмæйдæрты уыд йæ фыды æнгæс, фылдæр та — йæ мады. Рæсугъд, аив æмæ æнæрцæф чызг уыд хивæнд, цæхгæр æмæ фидар уды хицау. Йæхæдæг лыг кодта йæ царды фарстатæ. Æвддæс азы йыл куы сæххæст, уæд, кæд йæ мады нæ фæндыд, уæддæр смой кодта императоры къæнцылары III хайады хицауы фырт булкъон Михаил Леонтийы фырт Дубельтæй. Рантыст сын æртæ сывæллоны, фæлæ аст азы фæстæ Наталья Дубельтæй рахицæн, æгъатыр, æнæджелбетт адæймаг кæй разынд, æмæ ма ноэтыл дæр кæй бафтыд, уый фыдæй. Наталья бирæ рæстæг йæ цотимæ цард фæсарæнты. Йæ дыккаг læг уыд принц Николай Нассауский, æмæ райста титул графиня Меренберг.

Пушкины ус Наталья Николайы чызг йæ мойы фыстæджытæ ныууагъта йæ кæстæр чызгæн. Уый та сæ ныммыхуыр кæныны тыххæй бабар кодта И.С. Тургеневæн, æмæ фæзындысты "Вестник Европы"-йы. Уый фæстæ сæ хо радта йæ хистæр æфсымæрæн. Наталья Александры чызг амард 1913 азы 10 мартъийы. Йæ фæндонмæ гæсгæ йын йæ марды æртхутæг бапырх кодтой йæ læджы ингæныл Висбадены.

Уырысы номдзыд поэт Александр Сергейы фырт Пушкины байзæддæгтæ абон тынг бабирæ сты. Уыдон ын сæрыстырæй мысинц йæ ном, йæ кад сæ рæвдауы, нæ йын рох кæнынц йæ фæдзæхст: "Гордиться славою своих предков не только можно, но и должно, не уважать оной есть постыдное малодушие".

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

Штангисттæ фесгуыхтысты Сыктывкары

Нæ республикæйы спортсментæн ивгъуыд къуыри хъæздыг рауад алыхуызон ерыстæй.

Спорты цалдæр хуызæй цымыдисаг ерыстæ цыдысты, куыд Ирыстоны, афтæ нæ бæстæйы æндæр рæтты дæр. Уыдонæй иутæ уыдысты уæззау атлетикæйæ фæсивæды (23 азы онг) 'хсæн Республикæ Комийы сæйраг горæт Сыктывкары.

Ерыстæ цыдысты лæппутæ æмæ чызджыты 'хсæн. Ирыстоны фæсивæд сæ дыууæты дæр сæхи равдыстой сæрæнæй æмæ уыдысты тыхджындæртимæ. Нæ фæсивæдæн бантыст ахæм бæрнон ерысты æхсæз хæрзиуæджы рамбулын. Уыдонæй цыппар сты сыгъзæрин майдантæ.

Сылгоймæгты ерысты Ирыстонæй цы æртæ чызджы бацыдысты тохы, уыдонæй дыууæйæн бантыст 1- æмæ 3-аг бынæттæ рамбулын. 1-аг бынатмæ 76 кг онг уæзы рацыд тренер **Тогойты Æхсары** хъомылгæнинаг **Челæхсаты Мæдинæ**. Уый дыууæ хаттæн равдыста 219 кг (94+125). 3-аг бынат 71 кг онг уæзы бацахста **Кодзырты Мария** — 181 кг (85+96). Марияйы тренер у **Гаситы Руслан**. Не 'ртыккаг чызг **Гаситы Мария**, йæ тренер Гаситы Руслан, хæстæг уыд хæрзиуæг рамбулынмæ 49 кг онг уæзы. Уый фыццаг хуызы, уыциу истæй цыдис раззагдæртимæ, фæлæ æнæнхъæлæджы фæкъуыхцы ерысты дыккаг хуызæй йæ риуæй штангæ сысхойгæйæ æмæ йын дарддæр архайынæн фадат нал уыдис.

Нæлгоймæгты ерысты фыццаг бон фесгуыхт **Оганес Вардеванян**. Уый сыгъзæрин майдан рамбылдта 55 кг онг уæзы. Оганес дывæрæй систа 228 кг (101+127). Оганесы ерыстæм бацæттæ кодтой йæ тренертæ **Наниты Руслан æмæ Алан**. Ацы дыууæ тренеры (фыд æмæ фырт) иннæ хъомылгæнинаг **Хъесаты Георги** нæ командæйæн æрхаста æрыгон тыккаг сыгъзæрин майдан 96 кг онг уæзы. Георги ерысты фыццаг хуызы уыциу истæй равдыста 162 кг, йæ риуæй та сысхуыста 203 кг æмæ, дыууæ хаттæн 365 кг æрæмбырд кæнгæйæ, рацыд 1-аг бынатмæ.

ЧЕЛÆХСАТЫ Мæдинæ

Ерысты фæстаг бон фыццаг бынат бацахсыныл тох кодтой 102, 109 æмæ +109 кг уæзон штангисттæ. Уыдоны 'хсæн цы цыппар ирон лæппуйы уыдис, уыдонæн бантыст æвзист æмæ сыгъзæрин майдантæ рамбулын. Нæ лæппутæй æвзист майдан 102 кг онг уæзы рамбылдта **Акъоты Артуры** хъомылгæнинаг **Абайты Мурат**. Йæ уæзы цы тыхджын ныхмæлæуджытæ уыдис, уыдоны 'хсæн Мурат рацыд 2-аг бынатмæ. Йæ разæй фæцис æрмæстдæр Уæрæсейы ацы уæзы тыхджындæр штангист **Артур Бабаян**. Сæ ныхмæлæуды ерысты рæстæг фыццаг хуызæй размæ рацыд Мурат. Уый уыциу ист скодта 180 кг, Бабаян та 5 кг къаддæр (175 кг). Дыккаг хуызæй Абайы-фырт æрлæууыд 195 кг уæзыл æмæ дывæрæй æрæмбырд кодта 375 кг. Ахæм уавæры Артур Бабаян йæ риуæй сысхуыста 210 кг уæзон штангæ æмæ, дыууæ хуызы 385 кг (175+210) кæнгæйæ, дывæрæй систа 380 кг (170+210) æмæ бацахста 1-аг бынат.

Нæ фæсивæд цы бæрæггæнæнтæ равдыстой, уыдон хорз æнтыстдзинадыл нымайынц РЦИ-Аланийы иугонд командæйы сæйраг тренер, Уæрæсейы сгуыхт тренер **Дзбойты Петр** æмæ нæ республикæйы уæззау атлетикæйы федерацийы президент, Уæрæсейы сгуыхт тренер æмæ спорты сгуыхт мастер **Лазарты Владимир**.

Дзбойты Петр загъта: "Ацы спортсментæ сты, хистæр кары ерыс чи кæны, уыдоны фарсмæ æрлæууæны кары. Ныр нæ лæппутæ æмæ чызджытæ ахæм бæрнон ерысты цыппар сыгъзæрин, иу æвзист æмæ бронзæ майдан кæй рамбылдтой, уый дзурæг у, нæ куыст дзæгъæлы кæй нæу, уыл. Æз зæрдиаг арфæ кæнын сæ бацæттæгæнæг тренертæн. Ацы хатт æнæ хæрзиуæгæй чи баззад, уыцы спортсментæн дæр ахæм ерысты архайын у пайдайы хос. Сæйрагдæр, ахæм ерысты бæрæггæнæнтæй раст хаццæгтæ кæнын æмæ дарддæр ныфсджынæй архайын. Мах бузныг зæгъæм, нæ республикæйы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан** æмæ спортивон цæттæгæнæн центры директор **Александр Рудневæн,** ерыстæм ацæуынæн нын фадат кæй сарæзтой, уый тыххæй".

"Нæ фæсивæд нын сæ архайдæй хорз лæвар ракодтой. Фыццаг бынæттæ цыппар кæй рамбылдтой, уый йæхæдæг бирæйыл дзуры. Уæдæ ма уымæй дарддæр Уæрæсейы рекордтæ ацы карæн сæвæрдтой æртæ хатты. Уыдонæй дыууæ сæвæрдта Оганес Вардеванян. Уый 55 кг онг уæзы йæ риуæй 127 кг кæй сысхуыста, дывæрæй та 228 кг кæй æрæмбырд кодта, уыдон нымад æрцыдысты нæ бæстæйы рекордтыл. Уæрæсейы рекорд йæ уæзы (102 кг) сæвæрдта Абайты Мурат дæр, ерысты фыццаг хуызæй 180 кг уыциу ист скæнгæйæ. Æнæмæнг, Республикæ Комимæ балц нæ спортсментæн рауад бæркадджын.

Ныр нæ размæ ис ног хæс. 4 июлы Хабаровскы хъуамæ райдайа Уæрæсейы чемпионат хистæрты 'хсæн. Уым ерыс кæндзыстысты нæ бæстæйы æппæты тыхджындæр нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ.

Уæрæсейы уæззау атлетикæйы Федерацийæ уырдæм хуынд цæуынц нæ республикæйы иуæндæс спортсмены. Уыдонæй цыппар сты сылгоймæгтæ, авд та нæлгоймаг спортсментæ. Ахæм дард балцы ацæуынæн кæд фæрæстæ уа, уæд се 'ппæт дæр хъуамæ ацæуой. Фæнды нæ нæ республикæйы спортуарзджыты зæрдæтæ барухс кæнын æмæ нæхи уырдæм цæттæ кæндзыстæм дысфæлдæхтæй", — загъта Лазарты Владимир.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Ногдзинад

Дыууæ паддзахадон фонды баиу кæндзысты

Уæрæсейы Хицауады хъæппæрисæй Пенсион фонд æмæ Социалон фæдзæхстады фонды бындурыл 2023 азы арæзт æрцæудзæн иумæйаг федералон структурæ.

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй уыдоны бындурыл кусын райдайдзæн Уæрæсейы Иумæйаг паддзахадон социалон фонд.

Ахæм ног федералон структурæ саразыны тыххæй закъоны проекты куыд загъд ис, афтæмæй ахæм рацарæзты сæйрагдæр нысан у адæмы пенсион æмæ социалон фæдзæхстады фарстатæ иу ведомствæйы бæрны бакæнын. Æмæ уый фæрцы фæхуыздæр кæнын бæстæйы цæрджыты пенсион æфсисад æмæ социалон лæггæдты хæрзхъæддзинад.

Ныртæккæ бæстæйы регионты закъонæвæрынадон æмбырдтæ сæ хатдзæгтæ кæнынц амынд реорганизацийы фæдыл федералон закъоны проекты тыххæй. Закъоны проектмæ кæм æркастысты, уыцы регионты минæвæрттæ ахæм ногдзинад хорзыл банымадтой.

("ТАСС")

Æрыгæтты сфæлдыстад

Хъæбатырты нæмттæ ссарынæн

Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы студенттæ Горæтгæрон районы Культурæйы галуаны равдыстой советон фыссæг Александр Фадеевы роман "Æрыгон гвардиæ"-мæ гæсгæ æвæрд спектакл.

адæм колледжы ахуырдзауты сценикон дæсныдзинадæй иттæг райгондæй баззадысты. Æрыгон артисттæ спектаклæй

Ацы хабар фехъусын кодта ахуыргæнæндоны пресс-службæ.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 1942-1943 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман Краснодоны сусæгæй чи архайдта æмæ, фашистон тыхгæнджытæ кæй уæнгты фылдæр хай амардтой, аивадон уацмысы ныхас цæуы ахæм фæсивæдон организаци "Æрыгон гвардиæ"-йыл. Фыдмитæн бафæразгæйæ, хъæбатыртæ сæ райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй нæ рацыдысты.

Галуанмæ æрбацæуæг ссардтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман фæмардуæвæг хъæбатырты рухс нæмттæ.

Студентты хъуыдымæ гæсгæ, рæзгæ фæлтæры ахуыр кæнын хъæуы патриотизмы æмбарынадыл.

Нæ уацхæссæг

Æппæтуæрæсеон конкурс

Хуыздæр ахуыргæнджытæн — президентон премитæ

Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы бонты райдыдта педагогон архайды æнтыстдзинæдты тыххæй президентон премитæ райсыны фæдыл конкурсы регионалон къæпхæн.

Ахæм конкурс Уæрæсейы æппæт регионты дæр арæзт цæуы Президент Владимир Путины "Педагогон архайды зынгæ æнтыстдзинæдты тыххæй хуыздæр ахуыргæнджытæн премитæ дæттыны тыххæй" Указы бындурыл. Конкурсы тыххæй, уагæвæрды куыд загъд ис, афтæмæй, ерысы кæронбæттæнмæ чи рацæуа, уыцы ахуыргæнджытæн саккаг кæндзысты регионалон премитæ, конкурсы уæлахиздзаутæн та ратдзысты президентон премитæ фæйнæ 200 мин сомы бæрцæй.

Профессион дæсныдзинады конкурсы архайыны фадат ис, педагогон куыст æппынкъаддæр 3 азы чи кæны, æрвылхъуыры дæр æппынкъаддæр 18 урочы чи дæтты, стæй, йæ куысты сæйраг бынат ахуырадон организацийы кæмæн у, уыцы специалисттæн.

Ерысы кæронбæттæны архайджытæ æмæ уæлахиздзауты сбæрæг

кæндзæн сæрмагонд конкурсон къамис (йæ уæнгтæ уыдзысты ахуырадон организациты разамонджытæ, профцæдисты, ахуыргæнджыты ассоциацитæ æмæ ныййарджыты советты минæвæрттæ). Кæронбæттæны архайджытæ æмæ уæлахиздзаутæ цавæр бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст хъуамæ æрцæуой, уыдоны номхыгъд сфидар кодта УФ-йы Рухсады министрад.

Конкурсы архайæнвæнд чи скæна, уыцы специалистты регистраци кæндзысты 2022 азы 10 июны онг, кæронбæттæны архайджыты та къамис равзардзæн 11 июнæй 17 июны онг æмгъуыдмæ.

Президентон премитæ райсыны фæдыл конкурсы архайыны тыххæй документтæ бадæттæн ис РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрадмæ (Дзæуджыхъæу, Бутырины уынг, 7, 30-æм уат).

Æппæт фарстатæ дæр сбæлвырд кæнæн ис ахæм телефонæй: (8672) 29-15-15, уæлæмхасæн номыр — 305.

Зæгъын хъæуы, 2021 азы ахæм конкурсы уæлахиздзаутæ систы республикæйы ахуырадон кусæндæтты 6 специалисты.

Нæ уацхæссæг

Барадон фæтк

Æхцайы чыссæ бамбæхста

Дзæуджыхъæуы мидхъуыддæгты управленийы слестгæнджытæ сæххæст кодтой, бынæттон 22-аздзыд таксисты ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл æппæт хъæугæ оперативон-сарæн мадзæлттæ.

Æрыгон нæлгоймаджы азымджын кæнынц УФ-йы Уголовон кодексы 158-æм статьяйы 2-аг хайы ("Адæймаджы исбонад стыр бæрцæй адавын") бындурыл.

Слестгæнджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй таксийы бæлццæттæй иу хæдтулгæйы мидæг ныууагъта йæ чыссæ (уыд дзы 45 мин сомы). Таксийы шофыр æхца йæхи бакодта.

Фæстæдæр мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ гуырысхойаджы баурæдтой. Давд æхца фæстæмæ йæ хицауыл сæмбæлд.

Ныртæккæ уголовон хъуыддаджы æрмæджытæ æркæсынмæ æрвыст æрцыдысты тæрхондонмæ.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Тохы фæстейы нæ баззад...

(Райдайæн 2 фарсыл)

Фæлæ хъæбатыр тæхæгæн æрхæццæ йæ фæстаг "балцы" бон. Уый та уыдис афтæ: иухатт та Хъазыбечыр æрбаздæхт, йæ радон хæс сæххæст кодта, афтæмæй. Ныр хъуамæ атахтаид йæ ивæг къорд (эскадрили), фæлæ къорды командир фæрынчын. Уый бамбаргæйæ, Брытъиайы-фырт райста бар командыгæнæгæй, цæмæй йæ къордимæ, кæд фæллад уыдысты, уæддæр атæхой йæ рынчын æмбалы бæсты. Бардзырд райстой, æмæ эскадрили ногæй атахт æфсæддон хæс æххæст кæнынмæ. Сæ куыст та бакодтой, бомбæтæ æрæппæрстой, кæм æмбæлд, уым æмæ раздæхтысты сæхи аэродроммæ. Æнæнхъæлæджы хæрхæмбæлд фесты знаджы цалдæр хæдтæхæгимæ. Хадзыбечыр бардзырд радта бомбæзгъалджытæн, уæ фæндаг дарут, зæгъгæ, йæхæдæг тохы бацыд знæгтимæ, нæ сæ уадзы хæстæг йæ эскадрилимæ, нæмгуыты рæгъытæ уадзы знæгтыл. Дыккаг хæдтæхæг куы арвыста зæхмæ пиллон калгæйæ, уæд бафиппайдта, йæхи хæдтæхæг дæр куыд сыгъд, уый...

Нал æрбаздæхт майор Брытъиайы-фырт йе 'мбæлттимæ, басыгъд æд хæдтæхæг сæрæнгуырд Хадзыбечыр, хъæбатырæй фæмард 1939 азы мартъийы мæйы.

Афтæ цыбыр, фæлæ намысджын рауад хæххон цæргæсы хæстон фæндаг.

Хæстыты сгуыхтдзинæдтæ кæй равдыста, уый тыххæй Брытъиаты Хадзыбечыр хорзæхджынгонд æрцыд майдантæ æмæ ордентæй. Хъæбатырæн йæ мæлæты фæстæ та йын Райгуырæн бæстæ саккаг кодта æппæты кадджындæр хæрзиуæг — Ленины орден (ацы хæрзиуæг уæды Орджоникидзейы районы цæрджытæй Хадзыбечыр фыццаг райста).

Цæрынц æнустæм сæ нæмттæ хъæбатыр хæстонтæн: "Ничи ферох, ницы ферох". Уымæн абон æвдисæн сты зæрдæагайгæ цыртдзæвæнтæ, кады зарджытæ, горæттæ æмæ хъæууты уынгты нæмттæ...

Фыййаджыбылы уынгтæ дæр кадимæ хæссынц Гæрисаты æфсымæрты, Уаниаты Елбыздыхъойы, Брытъиаты Хадзыбечыры рухс нæмттæ. Никуы уыдзысты рох нæ фыдæлтæ — уæлахиздзаутæ!

ФÆРНИАТЫ Беслаур, Æрыдоны районы ветеранты советы уæнг, Фыййаджыбыл

ХЪУЛАТЫ Ирбег

Хæстоны ард

(Брытъиаты Хадзыбечыры номарæн)

Фæдисы дзæнгæрджытæ тохмæ
куы сидынц —
Ныгуылæны 'рдыгæй ныл бафтыдтой арт...
Дæ намысджын фырттæ — нæ хъæубæсты
фидыц,
Нæ уарзон Фыййаджыбыл райстой сæ кард.

Фæцæуынц, фæцæуынц фашисттимæ тохмæ,
Брытъиаты Хадзыбечыр разæй цæуы.
Йæ кондмæ, йæ уындмæ хæлæг кæны
хох дæр,
Йæ хæстон æмбæлтты ныфсджындæр кæны.

"Фæцæуæм, — куы зæгъы Хадзыбечыр, —
хæстмæ,
Нæ бæсты сæрвæлтау мах тохмæ цæттæ!
Хæрзбон уал, нæ хæхтæ, нæ абухгæ дæттæ,
Уæлахизимæ уæм зындзыстæм хъæмæ!

Кæнæм уын мах сомы, хæстон ард
куы хæрæм, —
Ныссадздзыстæм знагæн йæ риуы нæ кард!
Æгад царды бæсты хуыздæр у нæ мæлæт,
Уæ сæраппонд ратдзыстæм 'нæвгъау
нæ цард!

Ыстæхдзыстæм, уаритау, арвы тыгъдадмæ, —
Æзнаджы хъæрцыгъаты пакъуы кæлдзæн.
Æрцыдысты лæгхортæ се сæфты радмæ —
Сæ сау туг æнæвгъауæй зæхмæ тæдздзæн!

Ныййарæг мадæлтæ, нæ хурæнгæс хотæ,
Лæджы сæр уæ бахъæудзæн, фидар лæууут!
Æрцæудзæн сæ кæрон рухс уалдзæг
фыдбонтæн,
Уæ нæртон лæппутæм æнхъæлмæ кæсут!

Хæстоны фæндæгтæн куы нæ ис æвзарæн, —
Мыййаг ныл куы рацæуа комдзог хъысмæт,
Уæд ныл-иу ыскæнут, Фыййаджыбыл,
зарæг, —
Лæгдæртæн сæ рухс ном æнусты цæрæд!"

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Битарты Зояйæн, йæ сæрыхицау
ХАРЕБАТЫ
Григорийы фырт Федыр
кæй амард, уый фæдыл.

Битарты мыггаджы Ныхас хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны Битарты Зояйæн, йæ сæрыхицау
ХАРЕБАТЫ
Григорийы фырт Федыр
кæй амард, уый фæдыл.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæттыты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуыраен бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радгæс редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Сæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Салхъазанты Светланæ — 25-94-09, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3818.
Заказ № 601.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru